

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina lumangsungna panalungtikan, tangtu kudu miboga galur anu jelas, salasahijina perkara métode jeung pamarekan. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitis kalawan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Abdussamad dina Tarigan & Hayati (2023, kc. 6) pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan nu dipaké pikeun nalungtik objék panalungtikan sacara alamiah sarta ilaharna instrumén utamana aya di panalungtik.


Pamarekan kualitatif mimiti diwanohkeun jeung ditarima ku masarakat kira-kira taun 1990 (Arikunto, 2010, kc. 20). Di sagigireun éta, gelarna pamarekan kualitatif ngabalukarkeun ayana *pro* jeung *kontra* ti para panalungtik lantaran aya pamadegan ti sawatara ahli réhna data tina pamarekan kualitatif teu sistematis, sipatna individual, jeung kurang ilmiah (Arikunto, 2010, kc. 20). Sabada aya *pro* jeung *kontra*, tina mangsa ka mangsa pamarekan kualitatif bisa némbongkeun kualitasna sarta jadi kawéntar sabada gelarna buku Lexy Moleong dina taun 1998.

Ciri-ciri pamarekan kualitatif, nyaéta: a) latarna alamiah; b) manusa minangka alat; c) métode nu dipaké kualitatif; d) analisis datana sacara induktif; e) tiori tina dadasar (*grunded theory*); f) déskriptif; g) leuwih mentingkeun prosés tibatan hasil; h) ayana watesan nu ditangtukeun ku fokus pasualan; i) ayana kritéria husus pikeun maluruh data; j) desain nu sipatna samentara; jeung k) hasil panalungtikan disawalakeun sarta disahkeun sacara babarengan Moleong dina (Arikunto, 2010, kc. 21).

Hasil panalungtikan kualitatif téh leuwih nyoko kana ma'na dibandingkeun generalisasina (Sugiyono, 2008, kc. 9). Tina éta pamadegan ébréh yén data nu sabenerna tina panalungtikan dékriptif kualitatif nyaéta ma'na tina objék nu dipaluruh sacara nyoksok jero.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang pikeun ngagambarkeun sakabéh alur panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik. Kegiatan panalungtikan nu dilaksanakeun kagambar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data jeung sumber data dina panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi tina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna.

3.2.1 Data

Data mangrupa hal nu kawilang penting dina panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik. Data mangrupa konci nu bisa méré informasi kana masalah panalungtikan nu diébréhkeun dina rumusan masalah. Data nu hadé jeung bisa dipaké dina panalungtikan ilaharna mangrupa fakta. Lufti & Situmorang (2014, kc. 1) nétélakeun yén data nu hadé mangrupa data nu bisa dipercaya bebeneranana sarta miboga ruang lingkup nu lega pikeun méré gambaran, informasi, jeung solusi kana hiji masalah.

Data mangrupa hasil cutatan panalungtik boh nu mangrupa fakta boh nu mangrupa angka (Arikunto, 2010, kc. 161). Tina éta pamadegan, data panalungtikan téh bisa ngawujud dina wangun lisan, tulisan, gambar, audio, jeung réa-réa deui. Data utama tina ieu panalungtikan nyaéta novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna. Ku kituna, data nu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta data dina wangun tulisan. Anapon nu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku struktur carita nu diulik maké tiori struktural Robert Stanton (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) sarta ékologi sastra nu nyangkaruk dina eusi carita.


3.2.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan mangrupa aspék penting dina nyangking data panalungtikan. Sumber data panalungtikan mangrupa subjék pikeun nangtukeun ti mana data bisa kapanggih (Arikunto, 2010, kc. 172). Sumber data utama tina ieu panalungtikan nyaéta buku novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna nu medal taun 2003 kandelna 84 kaca.

Sumber data séjénna anu ngarojong sarta ngeuyeuban ieu panalungtikan nyaéta sawatara buku référénsi, artikel jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna jeung objék nu ditalungtik nyaéta anu aya patalina jeung ulikan struktural sarta ékologi sastra dina wangun karya sastra novel.

1) Idéntitas Buku

Judul : Mistéri Haur Geulis
 Pangarang : Dadan Sutisna
 Medal : 2003
 Pamedal : Girimukti Pasaka
 Kandel Buku : 84 kaca
 Warna Jilid : Héjo jeung Bodas



Gambar 3.1
Jilid Novelét *Mistéri Haur Geulis*

Dina jilid novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna katitén tilu budak sakola nu keur paraséa di handapeun tangkal nu aya di pasawahan. Budak awéwé nu diuk di luhureun batu gedé ngaranna Rina, budak lalaki nu ngagandong tas

ngaranna Emod, jeung budak lalaki nu ngambangkeun curuk ngaranna Diran. Dina jilid buku katitén ogé kecap *mistéri* nu ditulis maké aksara warna beureum, kecap *haur geulis* warna konéng semu héjo di luhureun gambar Diran. Ngaran pangarang ditulis ku warna nu sarua jeung tulisan *haur geulis* di handapeun gambar Rina nu keur diuk dina batu. Di belah kénca gambar Rina, aya katerangan yén ieu novelét kungsi meunang hadiah, katitén ku kalimah *dilélér hadiah Samsuodi 2004*. Pamungkas, di juru katuhu buku luhureun kecap *mistéri* aya tulisan *Girimukti* minangka pamedal buku.

Rina, Emod, jeung Diran téh barudak asuh Pa Oding nu keur pakanci ka lembur Haur Geulis nu aya di Sumedang. Ngadéngé aya budak nu leungit, Diran ngajak Emod jeung Rina pikeun néangan éta budak sangkan manéhna bisa disebut pahlawan saperti dina carita nu dibacana. Éta budak nu tilu téh indit rebun-rebun sangkan teu kanyahoan ku Pa Oding jeung nu séjénna.

Di tengah jalan, Rina jeung Diran pahereng-hereng perkara kamana kudu indit, naha ka kénca atawa ka katuhu. Tungtung tina perkara pahereng-hereng, éta budak nu tilu téh nyasab jeung teu nepi-nepi. Ku kituna Diran ambek-ambekan jeung nyalahkeun Rina. Rina nu boga maksud séjén saruana embung éléh ti Diran, antukna Rina jeung Diran paraséa di jajalaneun palebah tangkal nu aya batu gedé. Emod saukur bisa jadi panengah antara Rina jeung Diran.

2) Biografi Singget Pangarang

Dadan Sutisna lahir di Sumedang tanggal 22 Pébuari 1978. Dadan katelah minangka pangarang Sunda nu boga pamikiran modéren lantaran salian tina kurung-karang, Anjeunna resep jeung mahir ogé dina perkara internét jeung komputer. Dadan boga minat dina nulis mimitina ti SMP, karyana dimuat dina kalawarta *Kudjang*. Ka béh dieunakeun, Dadan réa nulis karya sastra dina wangun carpon, kungsi ogé nulis *feature*, artikel, tuluy novel. Karyana loba dimuat dina *Manglé, Galura, Pikiran Rakyat, jeung Republika*.

Karyana loba nu dilélér hadiah, taun 1997 carponna jadi Pinunjul Harepan Pasanggiri Carpon D.K. Ardiwinata. Taun 1999 jadi Pinunjul Pasanggiri Novel D.K. Ardiwinata. Tuluy kungsi jadi Pinunjul Kahiji Lomba Cerita Rakyat Jabar taun 2000, dilélér Hadiah Sastra LBSS, Hadiah Jurnalistik Muh. Koerdi taun 2003. Salian ti éta, meunang deui Hadiah ti Yayasan Kabudayaan Rancagé taun

2002 jeung 2004 pikeunn novelét barudak *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (2001) jeung *Mistéri Haur Geulis* (2003).

3.3 Téhnik Panalungtikan

Dina téhnik panalungtikan, dipedar ngeunaan téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data nu ngawengku téhnik analisis struktural jeung téhnik analisis ékologi sastra.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik utama nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta salasahiji téhnik panalungtikan nu niténan, nalaah, jeung ngaidéntifikasi hiji bahan bacaan nu jadi objék panalungtikan. Mahendra (2015, kc. 73) ngébréhkeun yén studi pustaka mangrupa métode dina ngumpulkeun data panalungtikan ku cara maca buku-buku, koran, majalah, jeung sumber literatur séjénna. Tina éta pamadegan, bisa disebutkeun yén ngumpulkeun data mangrupa hal nu penting dilaksanakeun sarta kaasup kana léngkah-léngkah panalungtikan nu lengkep.

Ku kituna, studi pustaka nu digunakeun dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data nu ngawengku aspék struktural jeung ékologi sastra nu nyangkaruk dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna. Sacara gurat badag, léngkah-léngkah dina prosés ngumpulkeun datana dipedar ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data;
- 2) maca sagemblengna objék panalungtikan nu jadi sumber data utama, nyaéta novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna; jeung
- 3) sabada maca objék panalungtikan sacara gembleng, data nu kapanggih tuluy dipasing-pasing kana wangun tabél data dumasar wengkuan stuktural jeung ékologi sastra.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada ngumpulkeun data panalungtikan, léngkah satuluyna nyaéta ngolah data panalungtikan. Téhnik nu digunakeun dina ngolah data panalungtikan nyaéta nganalisis sacara langsung data nu geus kakumpul. Aspék-aspek nu dianalisis dina léngkah ngolah data nyaéta maluruh eusi carita nu patali jeung wengkuan struktural (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), sarta wengkuan ékologi sastra

nu patali jeung unsur-unsur alam nu nyampak dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna. Sacara gurat badag, téhnik ngolah data panalungtikan ébréh saperti ieu di handap.

1) **Téhnik Analisis Struktural**

Analisis data dina ieu panalungtikan dimimitian ku nganalisis struktur novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna maké tiori struktural Robert Stanton. Anapon aspék-aspék nu dianalisisna nyaéta:

- (1) téma;
- (2) fakta carita nu ngawengku galur (plot), tokoh jeung watek, latar; sarta
- (3) sarana sastra nu ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa.

2) **Téhnik Analisis Ékologi Sastra**

Analisis kadua tina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis konsép-konsép alam nu aya dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna. Anapon anu dianalisisna nyaéta:

- (1) kritik ékologi pikeun maluruh konsép-konsép alam nu nyampak dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna;
- (2) hubungan tokoh jeung lingkungan; sarta
- (3) latar ékologi.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan pikeun ngolah data. Leuwih jéntréna saperti ieu di handap.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton jeung konsép-konsép ékologi nu nyangkaruk dina novelét *Mistéri Haur Geulis*. Anapon instrumén panalungtikanana disusun dina tabél data saperti ieu di handap.

3.4.1.1 Tabél Data Struktural

Tabél 3.1
Tabél Data Téma

No.	Téma (T)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.2
Tabél Data Galur

No.	Galur (G)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.3
Tabél Data Tokoh jeung Watek

No.	Tokoh jeung Watek (TW)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.4
Tabél Data Latar

No.	Latar (LT/LW/LS)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.5
Tabél Data Judul

No.	Judul (J)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.6
Tabél Data Puseur Implengan

No.	Puseur Implengan (PI)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.7
Tabél Data Gaya Basa

No.	Gaya Basa (GB)	Kode Data	Cutatan

3.4.1.2 Tabél Data Ékologi Sastra

Tabél 3.8
Tabél Konsép-konsép Alam

No.	Konsép Alam (KA)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.9
Tabél Data Tokoh jeung Lingkungan

No.	Tokoh jeung Lingkungan (TL)	Kode Data	Cutatan

Tabél 3.10
Tabél Data Latar Ékologi

No.	Latar Ékologi (LÉ)	Kode Data	Cutatan

3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data struktural jeung konsép-konsép ékologi dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna disusun dina tabél data ieu di handap.

3.4.2.1 Tabél Data Analisis Struktural

Tabél 3.11
Tabél Data Analisis Téma

No.	Téma (T)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.12
Tabél Data Analisis Galur

No.	Galur (G)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.13
Tabél Data Analisis Tokoh jeung Watek

No.	Tokoh jeung Watek (TW)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.14
Tabél Data Analisis Latar

No.	Latar (LT/LW/LS)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.15
Tabél Data Analisis Judul

No.	Judul (J)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.16
Tabél Data Analisis Puseur Implengan

No.	Puseur Implengan (PI)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.17
Tabél Data Analisis Gaya Basa

No.	Gaya Basa (GB)	Kode Data	Cutatan	Analisis

3.4.2.2 Tabél Data Analisis Ékologi Sastra

Tabél 3.18
Tabél Data Analisis Konsép Alam

No.	Konsép Alam (KA)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.19
Tabél Data Analisis Tokoh jeung Lingkungan

No.	Tokoh jeung Lingkungan (TL)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Tabél 3.20
Tabél Data Analisis Latar Ékologi

No.	Latar Ékologi (LÉ)	Kode Data	Cutatan	Analisis

Katerangan:

- T : kode keur téma
- G : kode keur “galur”
- TW : kode keur “tokoh jeung watek”
- LT : kode keur “latar tempat”
- LW : kode keur “latar waktu”
- LS : kode keur “latar sosial”
- J : kode keur “judul”
- PI : kode keur “puseur implengan”
- GB : kode keur “gaya basa”
- KA : kode keur “konsép alam”
- TL : kode keur “tokoh jeung lingkungan”
- LÉ : kode keur “latar ékologi”